



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN A PRI ABÒDAB POU 100 MILYON DOLA NAN BROOKLYN

*Yo Mete A Kote Plis Pase Mwatye nan 293 Kay Dirab Ki A Pri Abòdab yo ki nan Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan pou Fanmi ak Moun Ki Sanzabri yo*

*Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan Lokalize Konjwentman Lojman ak Swen Sante*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan (CAMBA Gardens Phase II, CGII), ki se yon devlopman lojman ki a pri abòdab, pou bay sipò epi ki dirab pou 100 milyon dola nan seksyon Wingate lan ki nan Brooklyn. Konstwi sou tèren Lopital Konte Kings lan pa konpayi CAMBA Housing Ventures, nouvo devlopman an se yon modèl nasyonal pou kolokasyon lojman ak swen sante, ki ap bay 293 apatman ak 182 ke yo mete a kote pou fanmi ak moun ki te sanzabri anvan sa yo.

“Lojman ki sekirize, desan epi ki a pri abòdab yo konbine ak sèvis sipò yo se kle nan ranpòte batay nou an kont sitiyasyon sanzabri yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “CAMBA Gardens II se yon egzanp ekselan sou jan ke nou kapab bay moun New York nou yo ki pi vilnerab yo opòtinite pou kapab pwogrese epi vanse ak lavi yo lè y’ap viv yon fason endepandan nan yon kominote ki gen konpasyon ki pran enterè yo ak objektif yo a kè, konstwi yon pi bon New York pou tout moun.”

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflekte nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri an lè y’ap konstwi epi prezève 112,000 kay lojman ki a pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 lojman pou bay sipò. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominote kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

CGII se yon kontinyasyon Premye Faz CAMBA Gardens (CAMBA Gardens Phase I, CGI) ki te reyisi an, ki te konplete nan mwa Oktòb 2013, ki te kreye yon patenarya inovatif ant yon lopital piblik, devlopè kominote san bi likratif yo, founisè sèvis sosyal, ak pati ki konsène nan kominote yo pou kapab redevlope pwopriyete lopital ki pa itilize anpil yo pou yo vin tounen lojman ki a pri abòdab epi ki ap bay sipò. Resanman benefisyè prim “Devlopman Lojman Ki A Pri Abòdab Pa Ekselans” (Excellence in

Affordable Housing Development) 2018 nan men Urban Land Institute New York, CGI ak CGII ap bay yon total 502 kay pou moun New York ki gen revni fèb yo ak sila yo ki bezwen sèvis sipò yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** “Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan se yon egzantp ekselan de jan ke Gouvènè Cuomo ap konbat pwoblèm sanzabri an nan rasanble resous pou kapab kreye lojman ki a pri abòdab ak sèvis sipò ak swen sante global. Pandan ke n’ap akonpli plan lojman Gouvènè an, se pwojè tankou sa yo ki ap revitalize kominote nou yo, kreye opòtinite epi devlope ekonomi nou an”.

Sitiye sou Kanpis Konte Kings nan NYC Health + Hospitals lan, 293 apatman CGII yo se yon melanj apatman estidyò, kay ki gen yonn, de, ak twa chanm a kouche, ak 110 ke yo mete a kote pou abitan ki ap touche pa plis pase 60 pousan nan revni mwayen zòn nan, ak 182 pou fanmi ak moun ki te sanzabri anvan sa yo. CGII a gen ladan konsepsyon pa etap pou 5, 7 ak 9 etaj pou kapab konplete kominote ki alantou yo. Pèsonèl sèvis sosyal sou plas CAMBA yo pral travay ak Sant Lopital Konte Kings lan (Kings County Hospital Center, KCHC) pou kowòdone epi òganize swen sante medikal ak mantal pou lokatè yo. Sèvis sosyal yo, ki disponib pou tout lokatè yo, gen ladan jesyon ka yo, oryantasyon pou bay sipò, kowòdinasyon klas sou swen sante ak edikasyon yo, klas sou nitrisyon ak egzèsis fizik yo, aktivite rekreyatif/familyal yo, ak fòmasyon enfòmasyon.

Kolokalizasyon lojman sou kanpis Konte Kings lan sa ap pèmèt abitan yo gen aksè fasil a swen sante ak oryantasyon sante mantal. Pèsonèl CAMBA Inc. ki sou plas yo ap travay ansanm ak abitan yo pou devlope plan sèvis pèsonalize pou fòmasyon aptitud pou viv endepandan, fòmasyon finansye, preparasyon pou travay, abi sibstans, ak aktivite sosyal, kiltirèl ak espòtif an gwoup yo.

CGII te rive akonpli estanda Lò NYSERDA, Enterprise Green Communities, ak LEED yo, ki gen ladan ekleraj ak aplikasyon Energy Star yo pou kapab redwi depans pou sèvis piblik yo; bon jan kalite lè andedan kay yo ki bon pou sante; dènye touch ki pa toksik/pa toksik anpil yo; pakin sou plas pou bisiklèt yo; sikilasyon douch, lavabo, ak twalèt ki efikas anpil pou konsèvasyon dlo; ak zòn komen ki klere nan jounen an ak fenèt ki pa konsome anpil enèji.

Tout apatman yo gen ladan yo kwizin ak saldeben ki konplè, dènye touch ki dirab epi ki pa toksik, vantilatè nan twati yo ak lè kondisyone, planche atè ki an bwa yo, kontwa ak rebò fenèt sifas ki solid, ak ekleraj ki efikas. Ekipman yo gen ladan yo espas ekoljik ki elaji; jaden kominotè yo pou lokatè yo; òdinatè, machin a lave, ak sal kominotè pou gwoup sivik yo, reyinyon Konsèy Kominote yo, ak reyinyon lopital KCHC yo; ak sekirite 24 sou 24.

Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te bay 18 milyon dola nan finansman pèmanan pou pwojè a sou fòm finansman angajman egzansyon enpo ak yon prè sibvansyone Ekip Reyelaborasyon Medicaid (Medicaid Redesign Team). An plis, alokasyon kredi enpo Federal anyèl HCR la te jenere 40.3 milyon dola nan ekite kredi enpo yo. Lòt finansman leta yo gen ladan yo 6 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman

ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance), ak 300,000 dola ki soti nan NYSERDA. Federal Home Loan Bank of New York/AHP te bay 1.45 milyon dola atravè bank ki manm HSBC. Prezidan Awondisman Brooklyn lan ak Konsèy Vil New York lan atravè Manm Konsèy lan Doktè Mathieu Eugene yo chak te bay 1 milyon dola nan alokasyon kapital yo. TD Bank te bay Lèt Kredi a. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman nan Vil New York lan te kontribiye ak 20.5 milyon dola atravè Pwogram Prè Lojman Sipò a. An plis, CGII te resevwa finansman pou anvan devlopman yo ki soti nan men Kòporasyon pou Lojman Sipò (Corporation for Supportive Housing, CSH) ak nan men Fon Prè Kominote Antrepriz lan (Enterprise Community Loan Fund).

Sèvis sosyal sou plas CAMBA yo finanse pa Biwo Sante Mantal Eta New York lan (New York State Office of Mental Health), Administrasyon Resous Imèn Vil New York lan (New York City Human Resources Administration), ak Depatman Sante Vil New York lan ak Ijyèn Mantal (New York City Department of Health and Mental Hygiene).

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Felisitasyon a CAMBA pou elaborasyon ak konstwiksyon yon kominote lojman ki ap ofri yon pakèt seri sèvis pou sante ak sèvis sosyal pou kèk nan abitan nou yo ki pi vilnerab yo. Devlopman sa ap ofri yon solisyon ki inovatif ki ap sipòte plan dirabilite rejyon an yo, epi li ale nan menm liy ak estrateji Gouvènè Cuomo a pou redwi depans pou enèji yo ak gaz a efè sèr yo atravè estòk lojman New York lan”.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal, te deklare,** “Lojman sipò yo ap non sèlman bay establite pou posede yon kote pou rele lakay ou, men tou li ap sipòte moun ki gen maladi mantal yo pandan ke y’ap dekouvri posibilite nan lavi yo epi angaje ak resous ki nan pwòp kominote yo. Etid yo montre ke moun ki gen maladi mantal yo gen pi bon rezilta lè yo entegre nan kominote yo, epi CAMBA Gardens ap ede anpil moun atenn tout potansyèl yo”.

Biwo Sante Mantal lan te bay yon Sibvansyon Devlopman Pwogram 917,000 dola pou depans pou Jèn konpayi yo, epi li ap bay anviwon 1.8 milyon dola chak ane pou finansman pou sèvis yo ak fonksyònman pou 108 kay lojman ki ap jwenn sipò.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare,** “Lojman sipò yo efikas anpil nan abòde sitiyaasyon sanzabri an paske an plis de bay yon kote ki sekirize, ki estab pou moun viv, li ap bay sèvis ki nesesè yo pou kapab ede moun yo sipase sikonstans yo ki te kapab kontribiye aske yo t’ap eksperimante sitiyaasyon sanzabri. Gouvènè Cuomo ap anbrase apwòch sa e se poutèt sa ke li te rete yon pati kle nan plan lojman li an. Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan anglobe menm apwòch lan, bay lojman ki a pri abòdab epi ki bay sipò yo ak yon seri sèvis ke yo bezwen anpil ki disponib sou kanpis Konte Kings lan”.

**Senatè Eta New York lan Jesse Hamilton te deklare,** “Patenarya atravè kominote yo, ki gen ladan entitisyon piblik yo, founisè sèvis yo, ak pati ki konsène nan kominote an yo, pral ede nou konbat kriz lojman an. Se poutèt sa mwen rejwenn yo nan akeyi dedikasyon CAMBA Gardens II jodi a. Lè nou angaje nan travay ansanm, nou kapab enkòpore enfòmasyon ki soti nan kominote a epi reponn a bezwen kritik vwazinaj yo”.

**Manm Asanble Diana C. Richardson te deklare,** “CAMBA Gardens II montre sa ke nou ka akonpli lè nou travay ansanm nan batay kont sitiyasyon sanzabri an. Mwen rekonesan dèske nou kapab rasanble ansanm epi pote resous ki fè pwojè tankou sa yo, ki se yon atou reyèl nan kominote nou an, vin posib”.

**Prezidan Awondisman Brooklyn lan, Eric L. Adams te deklare,** “Ekspansyon lojman ki a pri abòdab atravè Brooklyn sa gen pi gwo enpòtans, patikilyèman pliske abitan yo ap fè fas a ogmantasyon nan depans pou moun ka viv yo ak pri lwaye ki ap monte. Mwen fyè poutèt mwen te sipòte CAMBA nan pwojè eksitan sa ak 1 milyon dola nan investisman kapital Ane Fiskal 2014 lan, ki pral ede bay lojman ke yo bezwen anpil, ki pa konsome anpil enèji nan East Flatbush, yon zòn nan awondisman an ki te eksperimante plizyè dekad dezavantaj ekonomik. Nou dwe kontinye ogmante kantite lojman ki a pri abòdab ke y’ap devlope nan chak kwen nan awondisman an, pou ke tout moun kapab jwenn yon kote estab epi ki bon pou sante yo pou yo rele lakay yo kèlkeswa sitiyasyon sosyoyekonomik yo”.

**Manm Konsèy lan Doktè Mathieu Eugene te deklare,** “Gran Ouvèti Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan se yon etap enpòtan nan angajman vil nou an te pran pou bay lojman ak sèvis sosyal pou manm kominote defavorize nou yo. Mwen kwè ke tout moun New York yo gen dwa pou yo gen yon anviwònman pou viv ki estab, epi etablisman sa pral sèvi kòm yon avantaj imans pou sila yo ki te lite pou sekirize yon lojman alontèm. Mwen vle eksprime gratitud mwen anvè anpil patnè ki te travay ansanm pou fè pwojè sa vin yon reyèl, epi se esperans mwen ke li pral sèvi kòm yon modèl pou lòt inisyativ lojman yo ki atravè vil lan”.

**Joanne M. Oplustil, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, CAMBA/CAMBA Housing Ventures, Inc. te deklare,** “Ak achèvmant Dezyèm Faz CAMBA Gardens lan, nou ap selebre revitalizasyon rev nou pou bay lojman ki a pri abòdab, aksè a sèvis yo, ak bon jan kalite swen sante, tout sa nan yon sèl kote pou 293 fanmi. Yon patenarya piblik-prive ki reyèl, CAMBA Gardens pa ta pral posib san sipò patnè inestimab nou yo, ki gen pami yo Eta New York, Vil New York, HCR, HPD, NYC H+H/Konte Kings, ofisyèl ki eli yo ak yon pakèt lòt moun ankò, epi nou ak abitan CAMBA Gardens yo remèsye nou”.

**Judi Kende, ki se vis prezidan ak lidè mache New York, Enterprise Community Partners te deklare,** “CAMBA Gardens se yon patenarya piblik-prive ki reyèl, epi se yon modèl pou lojman sipò yo ki ekolojik epi bon pou sante. Lojman sipò yo enpòtan anpil pou kapab abòde kriz lojman ak sitiyasyon sanzabri Vil New York lan, konekte moun ak fanmi yo ak resous ki vital epi ede yo akonpli rezilta sante ki mezirab. Enterprise onore pou li kontinye ak patenarya ki la depi lontan nou an ak CAMBA, ki gen ladan bay finansman pou alafwa faz I ak II nan CAMBA Gardens lan epi resevwa CAMBA kòm yon patisipan nan Enstiti Lidèchip Konsepsyon Lojman Ki A Pri Abòdab (Affordable Housing Design Leadership Institute) Enterprise lan”.

**Deborah De Santis, ki se Prezidan ak Direktis Egzekitif Jeneral CSH te deklare,** “Ak ouvèti CAMBA Gardens II an, sa ki te kòmanse kòm yon vizyon an 2005 lan ap kontinye rete sous lespwa ak solisyon reyèl pou moun New York ki vilnerab yo ki bezwen lojman sipò. Baze sou yon dokiman enfòmatif CSH ke nou te ekri lè sa,

CAMBA Housing Ventures te sezi yon opòtinite pou kapab pote sektè lojman ak swen sante yo ansanm, apati itilizasyon tèren ki an eksè nan Lopital Konte Kings lan pou fè vizyon sa vin tounen yon modèl nasyonal. Nou imansman fyè de travay ke yo te fè a ak wòl lidèchip ke y'ap jwe, epi nou konsidere pwojè yo pami kèk nan pi bon investisman nou fè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)